



## НОХЧИЙН МОТТ

Нохчийн мотт – вайн къоман орам,

Нохчийн мотт – и къоман са!

ХӀоттор бац и цкъа а гора,

Вайн догӀмашкахь мел ду са…

Сийдойуш вайн нохчийн меттан,

Зама еъна хилла, бах,

И бийцича эхь ду моьттуш,

Ойла ца еш, лелла нах.

Оьрсийн мотт а буьйцуш кхерчахь,

Ткъа нохчийн мотт емалбеш:

Вайн «миска» мотт цIийлахь керчаш

Iийна, гIийла узарш деш…

Оццул харцо лан ца елла,

ГIевттина вайн Iилманхой!

ДIахоуьйтуш вайн мотт хилар,

Махкахь хIоттош доккха той!

Вайн мотт вайга биц ца байта,

Къахьоьгуш бу дика нах.

И лар йоцуш бан ца байта,

Хадабе вай цуьнан мах??!

Дика я вуо керта деъча,

Буьйцуш берг бу – нохчийн мотт.

Харцо тоьлла, нийсо эшчахь –

Кийча бу и улло хIотта.

Сий довр дац вайн нохчийн меттан,

И чукхосса даккхарх ор.

Яхь йолуш бу нохчийн кIентий,

ТӀекхуьуш ду оьзда чкъор!

Нохчийн мотт - вайн къоман орам,

Нохчийн мотт - и къоман са!

ХӀуттур бац и цкъа а гора –

Вайн догӀмашкахь мел ду са.